



APÈL DEMANDÈ/KO-DEMANDÈ POU PWOGRAM KUPON GAD TIMOUN FON GAD AK DEVLÒPMAN TIMOUN (CHILD CARE AND DEVELOPMENT FUND) (CCDF)

Fòmilè Eta 57856 (R0 / 01-25)

ADMINISTRASYON SÈVIS FANMI AK SOSYAL

BIWO APRANTISAJ TIMOUN PITI AK AN DEYÒ LEKÒL

FON GAD AK DEVLÒPMAN TIMOUN (CCDF)

Demandè a/ko-demandè a kapab sèvi ak fòmilè sa a pou konteste yon aksyon negatif tankou refi gad timoun, tèminasyon asistans, elatriye. Si w vle mande apèl, tanpri ranpli fòmilè sa a epi kole tout dokimantasyon sipò ki pètinan. Tanpri refere ak enstriksyon apèl yo ki sou paj swivan an.

Non demandè a		Nimewo telefòn ()
Adrès Fizik (nimewo ak ri)	Vil, Eta, ak kòd postal	
<i>Tanpri detaye pouki ou santi detèminasyon an pa jis. Fòk ou depoze tout dokimantasyon pètinan ki pou sipòte reklamasyon w an.</i>		
<i>Fòk ou kole kopi tout dokimantasyon pètinan ki pou sipòte apèl ou. PA VOYE DOKIMAN ORIJINAL.</i>		
Siyati	Dat (mwa, jou, ane)	

Enstriksyon pou Apèl Demandè Fon Gad ak Devlopman Timoun (*Child Care and Development Fund*) (CCDF)

Demandè a/ko-demandè a gen dwa mande apèl ou kèlkeswa aksyon negatif ki pran pou dosye yo tankou refi, tèminasyon, oubyen ko-peman ki ògmante. Genyen twa etap nan pwosesis apèl la:

1e ETAP: Nan lespas dis (10) jou sou kalandriye apre resepsyon Lèt sou Aksyon Negatif la, voye yon demann pou apèl alekri bay Manadjè Biwo Elijibilite CCDF la. Ou ka jwenn adrès la pou Biwo Elijibilite CCDF pa w isit: https://www.in.gov/fssa/carefinder/files/CCDF_Eligibility_Office_Map.pdf

Manadjè Biwo Elijibilite CCDF la gen dis (10) jou sou kalandriye pou yo egzaminen demann nan epi repòn alekri. Repons la pral genyen ladan li enfòmasyon sou pwochen etap yo nan pwosesis apèl la.

2èm ETAP: Si w pa dakò avèk desizyon Manadjè Biwo Elijibilite CCDF la, ou kapab voye yon demann pou apèl alekri bay Direktè Adwen pou Politik CCDF la nan Biwo Aprantisaj Timoun Piti ak An Deyò Lekòl la nan lespas kenz (15) jou sou kalandriye depi w resevwa lèt refi a soti nan men Manadjè Biwo Elijibilite CCDF la.

Office of Early Childhood and Out of School Learning
Attn: Assistant Director of CCDF Policy -CCDF Appeals
402 W. Washington St, W-362, MS02
Indianapolis, Indiana 46204-2739

Direktè Adwen pou Politik CCDF la genyen kenz (15) jou sou kalandriye pou li egzaminen demann nan epi repòn alekri. Repons sa a pral genyen ladan li enfòmasyon sou pwochen etap yo nan pwosesis apèl la.

3èm ETAP: Si w pa dakò avèk desizyon Direktè Adwen pou Politik CCDF la, voye yon dènye demann pou apèl alekri bay Direktè Operasyon pou Aprantisaj Timoun Piti ak An Deyò Lekòl la nan lespas kenz 15 jou sou kalandriye depi w resevwa lèt refi a soti nan men Direktè Adjwen pou Politik CCDF la.

Office of Early Childhood and Out of School Learning
Attn: Director of Operations - CCDF Appeals
402 W. Washington St, W-362, MS02
Indianapolis, Indiana 46204-2739

Direktè Operasyon nan Biwo Aprantisaj Timoun Piti ak An Deyò Lekòl la genyen kenz (15) jou sou kalandriye pou li egzaminen desizyon Direktè Adjwen pou Politik CCDF la epi repòn alekri. Desizyon Direktè Operasyon an se FINAL.

(Tanpri remake sèvis pou gad timoun ki founi pandan pwosesis apèl la p ap ranbouse apre dis (10) jou sou kalandriye sòf si yo twouve apèl la an favè demandè a/ko-demandè a).